

1. Kont-teni pandemi COVID-19 la, èske BPHC te fè kèk rekòmandasyon sou ki rapò dansite ideyal yo pou anpeche transmisyon viris la? Nan 5 dènye mwa ki sot pase yo, yo mande GMNC an plizyè fwa, ki kote moun ki trape pandemi a ka ale pou yo retabli yo nan kominote nou an? Èske yo ka ajoute konsèp sa a defason pou li enklizif e dirab?

Komisyon Sante Piblik Boston (Boston Public Health Commission, BPHC) pa pran okenn desizyon sou kijan diferan nivo dansite yo gen yon enpak sou transmisyon COVID-19. Si ou enkyete paske w panse ou ka gen COVID-19 oswa ou santi nenpòt sentòm COVID-19, nou ankouraje w pou ale pran swen medikal. Epitou nou ankouraje w pou suiv rekòmandasyon otorite lokal ak leta yo etabli sou distansyasyon sosyal ak lòt mezi prevansyon pou pwoteje tèt ou nan tan sa a. Ou ka jwenn resous COVID-19 nan sitwèb Vil Boston an: [boston.gov/coronavirus](https://www.boston.gov/coronavirus) oswa annik rele BPHC nan 617.534.5050 oswa 1.800.847.0710 (Nimewo gratis)

PLAN an: Ekip Mattapan lan pral kontinye eksplòre fason elaborasyon direktiv konsepsyon fiti ak zonaj yo ka gide yon avni soli pou Mattapan. Nan mwa jen 2020, PLAN an: Ekip Mattapan lan te bay rezidan Mattapan yo yon kesyonè pou l te ka pi byen konprann kijan moun ap itilize espas prive ak espas piblik yo pandan pandemi a. Yo te prezante rezilta kesyonè sa a nan reyinyon nou an ki te fèt nan mwa dawout 2020 epi ekip la gen lentansyon rebay kesyonè a pandan tout peryòd PLAN an: Pwosesis Mattapan. Metsouli, gen yon gwoup travay entèn ki konpoze de planifikatè Ajans Planifikasyon ak Devlopman Boston (Boston Planning & Development Agency, BPDA), konseptè amenajman iben, ak chèchè kap travay ansanm pou idantifye rekòmandasyon parapò ak pandemi a ki ta ka aplike nan tout vil la.

Konsiltan BPDA pou PLAN an: Mattapan, MASS Design Group, se yon lidè nan espas pou gerizon. Resaman, MASS te fòme yon ekip Entèvansyon pou COVID-19 (Design Response team) "pou reponn ak bezwen patnè yo epi pou pataje estrateji ak règleman debaz pou yo pa bliye lè yap modènize diferan tip espas pou kontwole enfeksyon. MASS pral travay ak lidè e ak patnè enpòtan yo nan konsepsyon ak swen sante pou yo gide travay nou. Ofiramezi literati sa yo ap disponib, nap pibliye yo pou kominote a." Gen plis enfòmasyon ki disponib nan <https://massdesigngroup.org/covidresponse>.

2. Èske w ka di nou kijan yo pran desizyon pou detèmine sa ki se dansite wo, dansite mwayen oswa dansite ba? Kisa pwèn referans la ye?

Lè nou mansyone dansite sou koridò Mattapan yo, nou konsidere gwosè a anjeneral (wotè ak volimètri yon bilding) ki sou apeprè 1-2 blòk. Olye pou ekip planifikasyon an konsidere yon bilding endividyèlman, li konsidere dansite a sou yon pèspektiv ki pi laj. Se nan sesyon enfòmasyon ki te fèt nan mwa fevriye a ke kominote a te pataje opinyon yo

pou decide diferan nivo dansite (wo, mwayen ak ba) ke yo te prezante nan reyinyon 5 dawout la. Etan nap kontinye amelyore senaryo devlopman koridò sa yo, distenksyon ant sa nou konsidere dansite ki wo-, mwayen-, ak ba ap vin pi klè. Tèminoloji ak senaryo devlopman ki parèt nan tout pwosesis sa a, se pou Mattapan sèlman yo aplike.

3. Ryenk pou m ka asire m, se trafik pyeton ak trafik machin ki decide dansite a, pa vre?

Gen plizyè faktè ki decide dansite apwopriye a. Trafik pyeton ak machin ka pwomouvwa dansite anplis sepandan yo ka konstitye rezilta nouvo dansite tou. Ekip planifikasyon Vil la mete aksan sou twa faktè ki se kontèks, lajè riyèl yo ak pwoksimite avèk transpò e ak lòt komodite. Kontèks la gen rapò ak sa ki deja egziste nan zòn lan. Kanta pou lajè riyèl yo, tank yo laj, se tank bilding ki pi wo yo ka pran fòm konfòtableman san yo pa kreye yon efè kanyon iben. Finalman, lefèt ke komodite yo a pwoksimite, sa ka nesite plis dansite paske, pou plizyè rezon, moun pito lè yo toupre sèten komodite.

4. Pou lemoman ki wotè yo konsidere pou ogmante dansite a (paregzanp, konbyen etaj anplis parapò ak zonaj aktyèl la)? Epi tanpri, pataje ak patisipan yo kisa nòm aktyèl pou zonaj yo ye. Sa ta bon pou enfòmè lòt rezidan yo, epi pou ka brèf, pou bay detay sou kisa chanjman yo pwopoze yo ye, ak nan ki sans yo diferan parapò ak topografi [sic] ki gen nan katye a aktyèlman
 - a. fòk nou konsidere tou ke byen souvan nyans ki gen nan faktè sou dansite yo neglije

Nan kad pwosesis sa a nou pral eksplòre kijan dansite yo pwopoze sou koridò Mattapan yo pral gen rapò ak kondisyon ki egziste yo e ak restriksyon zonaj ki genyen aktyèlman yo. Ekip planifikasyon Vil la pral kouvri kesyon sa a an plis detay nan reyinyon kap fèt an septanm nan. Antretan, ou ka gade nan Kit Zouti Zonaj (Zoning Toolkit) PLAN an: ekip Mattapan lan te bay avansa nan pwosesis planifikasyon an. Dokiman sa a ta dwe kapab bay kèk enfòmasyon itil ki montre ak kisa zonaj aktyèl Mattapan lan sanble.

5. Èske te gen konvèsasyon ki te fèt asavwa ki biznis yap konsidere mete nan koridò yo?

Biwo Devlopman Ekonomik - Inite Ti Biznis (The Office of Economic Development - Small Business Unit) pral kontinye travay an kolaborasyon e lap kontinye sipòte efò yo atravè Koridò Mattapan ak biznis ki gen aktyèlman yo e ak biznis nan lefite yo ann asosyasyon ak PLAN Mattapan City Departments & Mattapan Main Streets.

PLAN an: Ekip Mattapan lan ap konsidere fè yon devlopman miks (komèsyal/vant an detay nan redchouse a ak seksyon rezidansyèl ki nan etaj anwo yo) sou plizyè koridò nan Mattapan. Nan kad travay vizyonè nou te fè okòmansman an, kominote a ak PLAN an:

Ekip Mattapan lan te dakò li te preferab pou yo te pèmèt diferan tip biznis antre nan Mattapan. Atravè rekòmandasyon konsèp ak zonaj yo, ekip plainifikasyon an ap kapab akomode sa anpil biznis bezwen.

6. Mwen konnen pou lemoman BTDA ap kontanple amelyorasyon nan Blue Hill Ave tou, e BTDA an kontak ak anplwaye BPDA yo nan pwosesis planifikasyon sa a... èske gen dènye nouvèl sou aliyman Blue Hill Ave/vizyonman konplè riyèl yo ak analiz koridò w fè a?

Le 30 septanm, BTDA ap òganize yon reyinyon piblik pou bay kominote a dènye enfòmasyon sou amelyorasyon akoutèm nan koridò Blue Hill ak yon vizyon alontèm pou koridò a. Apre reyinyon sa a, BTDA pral òganize tou orè pou fè rankont nan biwo vityèl e an pèsòn/ak distans sosyal pou reponn kesyon sou pwosesis Blue Hill Ave. Tanpri ale nan [boston.gov/departments/transportation/blue-hill-avenue](https://www.boston.gov/departments/transportation/blue-hill-avenue) pou jwenn plis enfòmasyon sou evènman sa yo.

7. Etan nap konsidere "dansite", ki rapò sa genyen ak enkyetid sou anviwònman yo tankou pwèn sansib yo ak nesèsite pou ogmante kantite pyebwa ak espas vèt yo?

Pandan tout pwosesis la, nou te tande pale de enpòtans espas ouvè yo ak domèn piblik la, rekòmandasyon fiti yo pral adrese sijè sa a. PLAN an: Ekip Mattapan lan kowòdone depre ansanm ak Depatman Pak ak Lwazi (Parks and Recreation Department) ak Depatman Konsèvasyon ak Lwazi (Department of Conservation and Recreation). Pou mizajou konsènan dènye enfòmasyon Pak ak Lwazi nan Vil Boston parapò ak COVID, tanpri ale nan:

<https://www.boston.gov/news/coronavirus-covid-19-updates-boston-parks-and-recreation>

Pou mizajou konsènan dènye enfòmasyon DCR sou COVID, tanpri ale nan:

<https://www.mass.gov/info-details/massachusetts-state-parks-covid-19-update>

8. Nan konsepsyon dansite yo pwopoze a, èske gen kèk etid oswa konsiderasyon yo fè sou pèt oswa aksè pou jwenn limyè solèy poutèt wotè bilding yo parapò ak sante rezidan yo? Èske pi gwo dansite ap chanje sante rezidan yo?

Nou nan peryòd preliminè pou n konsidere nouvo dansite sou koridò Mattapan yo. Etan nap kontinye ak pwosesis la ak amelyore senaryo devlopman koridò a, nou pral konsidere yon seri enpak tankou lonbraj, faktè sante piblik, ak amelyorasyon domèn piblik yo. Kòd Bilding aktyèl la ak direktiv revizyon Devlopman BPDA gen rekòmandasyon konsènan enpak pwojè a sou limyè solèy la ak sou lòt endikatè sante.

9. Mwen konnen nou te konsidere jantrifikasyon (revalorizasyon). Men ki prensip ak pwosedi espesifik wap planifye itilize pou evite deplase moun yo?

PLAN: Mattapan ap konstwi apatide inisyativ ki egziste yo tankou Lojman yon Vil Kap Chanje: Boston 2030 (Housing a Changing City: Boston 2030). Pami objektif li yo se: BATI nouvo lojman, PREZÈVE lojman abòdab ki egziste yo ak PWOTEJE fwaye ki a risk yo.

1. Bati 69,000 nouvo inite lojman, ak 15,920 inite pou moun ki limite sou plan revni
 2. Kenbe lojman pou moun ki gen revni limite/lojman abòdab ki egziste nan Boston
 3. Redevlope ak renove jiska 4,500 inite BHA
 4. Sipòte acha 1,000 inite lojman ki nan lwaye sou mache a epi fè yo vin tounen lojman pou moun ki gen revni limite pou pa kite moun deplase
 5. Evite degèpisman epi ankouraje estabilite lojman
- Nou travay nan tèt ansanm ak Depatman Devlopman Katye (Department of Neighborhood Development) e ak Biwo Devlopman Ekonomik la (Office of Economic Development).*

10. Yon gwo biznis enpòtan nan Mattapan se Plumbing Standards sou Hollingsworth St. Èske nap suiv biznis tankou sa yo lè nap anboche lokalman?

Biwo Devlopman Mendèv la jere pwogram ke nou genyen pou konekte rezidan lokal yo ak travay yo. Pou yon lis konplè opsyon ki disponib yo tanpri [vizite lyen](#) sa a. Pou plis enfòmasyon tanpri kontakte [Herbert Bond](#), Koòdonatè Pwojè Espesyal.

[Boston Hires](#) envite patwon yo, ti biznis yo, ak òganizasyon kominotè yo pou yo rantre nan efò pou sipòte bon djòb pou rezidan Boston yo.

11. Èske nou tout nou wè enpòtans pou nou ta fè PLAN Mattapan sètifye antanke LEED ND?
- a. Nou pa ka inyore chanjman klima ak anprent ekolojik nou nan aspè planifikasyon sa yo

PLAN an: Ekip Mattapan lan pran angajman pou l asire kominote Mattapan lan se yon kominote ki solid, epitou ki gen rezistans sou plan klimatik ak sosyal. Anvansa, ekip planifikasyon an pat konsidere LEED Neighborhood Development sepandan nou travay e nap kontinye travay depre ak lòt depatman vil yo pou asire nap planifye pou fiti anviwònmanal Mattapan an nan yon bi presi.

Tout pwopozisyon devlopman ki chwazi konfòme li avèk Atik 80B gwo pwosesis

revizyon pwojè yo oblije swiv Atik 37 Green Building ak Gid pou reziste Klima. Atik 37 egzije pou tout pwojè reyalize nan nivo minimòm 'sètifye' lè l sèvi avèk ki pi apwopriye US Green Building Lidèchip Konsèy la nan anviwònman ak enèji Design (LEED) sistèm Rating (yo)

12. Bon, konsènan estasyonman bò kote tren yo nan mitan BHA menm jan yo fè sou Beacon St nan Brookline?

*Tanpri, gade opsyon konsepsyon prefere ke yap konsidere aktyèlman pou Blue Hill Avenue nan lyen sa a:
<https://www.boston.gov/sites/default/files/file/2020/03/Roadway%20Design%20Information%20Boards.pdf>
Plan Aksyon pou Transpò nan Blue Hill Avenue (The Blue Hill Avenue Transportation Action Plan) ap chèche amelyore kalite lavi pou moun kap itilize koridò a, ikonpri tout mòd transpò yo.*

13. Èske gen moun ki gen plis enfòmasyon sou reyinyon sou konsepsyon wout Blue Hill Ave yo te òganize e èske yap kapab respekte delè Prentan 2021 an pou pavaj la?

Depatman Transpò Boston jere Plan Aksyon Transpò Blue Hill Avenue. Kounye a, yo planifye pou òganize yon reyinyon kominotè nan dat 30 septanm 2020. Pou plis enfòmasyon konsènan plan aksyon an ak delè li, tanpri kontakte Matt Moran) nan matthew.moran@boston.gov.

14. Si gen nouvo devlopman yo planifye, èske pral gen kote ki konfòtab pou nou ale rete antanke granmoun aje?

Ekip planifikasyon an gen yon vizyon pou Mattapan tounen kòm yon katye ki gen yon lojman miks ki reponn ak bezwen divès gwoup rezidan, ikonpri granmoun aje, moun ki achte kay pou premye fwa, moun ki gen andikap, fanmi ak anpil lòt gwoup moun. Nan yon seminè ki te fèt anvan sa, nou te diskite sou kèk bagay gwoup itilizatè sa yo ka bezwen e nap kontinye konsidere bagay sa yo etan nap devlope rekòmandasyon sou konsepsyon yo alavni.

15. Mattapan se te yon katye ki te pèdi pandan twò lontan — kijan sa pral afekte kalite lavi nan katye ki gen yon sèl fanmi nan kay yo?

Apwòch aktyèl nou se konsidere kijan dansite anplis nan zòn kle yo, tankou koridò Mattapan yo, pral ede prezève karaktè ki deja egziste nan estrikti katye a, tankou kay ki pou yon sèl fanmi ak kay ki gen twa etaj yo. Etan nap kontinye eksplòre fiti Mattapan, nap konprann pi byen kijan chak zòn sou sa nou konsantre nan katye a konekte youn ak lòt ak kijan li reyaji parapò ak chanjman nan lòt zòn yo.

16. Kijan sa pral entegre ak trafik kap pase a?

Pou lemoman, ekip planifikasyon an nan etap preliminè yo pou l konsidere nouvo dansite sou koridò Mattapan yo. Etan nap kontinye ak pwosesis la e ak senaryo devlopman rafine a, nou pral eksplòre enpak relatif yo sou lòt preyokipasyon planifikasyon nan katye a, tankou trafik. Nan kad PLAN an: Ekip konsiltan Mattapan ke MASS Design jere, Toole pral ede pou yo analize enpak transpò relatif ap genyen sou katye a.

17. Èske w suiv kesyon manm kominote yo te poze?

Tout kòmantè moun te fè nan reyinyon kominote nou te òganize anvan yo deja disponib nan sitwèb nou an nan bit.ly/PlanMattapan. Nan kad anrejistreman Zoom la, nou kapab jwenn tout kesyon yo te poze nan fenèt tchat la. Epitou nou pran bonjan nòt nan tout reyinyon piblik nou òganize yo pou n asire nou gen tout opinyon kominote a.